



# Brandywine Hospital

TOWER HEALTH

Advancing Health. Transforming Lives.

<b>TIT:</b> Asistans Finansyè Pasyan	<b>MÈT DOKIMAN</b> Direktè Aksè Pasyan
<b>ADMINISTRATÈ DOKIMAN:</b> Vis Prezidan Sik Resèt	<b>DAT ORIJINAL LA</b> Septanm 2017

## KAD:

Aplikab pou Brandywine Hospital ak filyal li yo. Règleman sa a pa aplike pou doktè ki pa anplwaye, k ap bay pasyan Brandywine Hospital swen.

## OBJEKTIF:

Pou asire pwosedi estanda yo etabli ak pratike nan tout Brandywine Hospital pou sa ki konsène idantifye epi toujou ede pasyan ki bezwen asistans finansyè. Yo deziyen Brandywine Hospital kòm yon òganizasyon charitab anba Internal Revenue Code (IRC) Seksyon 501 (c) (3). Daprè IRC Seksyon 501(r), li obligatwa pou defini epi pibliye tout kote politik sou asistans finansyè òganizasyon an. Entansyon politik la se idantifye epi sèvi pasyan ki nan nesosite, ansanm ak konsyantize plis posib sou asistans finansyè ki egziste nan Sistèm Sante an ak kominote an.

## POLITIK:

Nan kad misyon Brandywine Hospital pou l bay swen sante byenveyan, fasil pou twouve, kalite siperyè, pa twò chè nan kominote a, li rekonèt se pa tout pasyan ki gen menm kapasite pou peye pou sèvis medikal. Brandywine Hospital pral lajman pibliye disponiblite asistans finansyè nan kominote an atravè sit entènèt sistèm sante an, bwochi ak angajman vizavi gwoup defans kominote yo. Konseye finansyè pral edike pasyan yo ak fanmi yo an referans ak resous ki disponib yo epi pral bay asistans nan kad aplikasyon asistans finansyè an ak pwosesis apwobasyon, pou asire tout pasyan yo kontinye gen opòtinite pou jwenn swen yo bezwen.

## DEFINISYON:

Asistans Finansyè: Swen sante yo bay pasyan yo san yo pa espere touche pou sèvis la, an antye oswa pa mòso, apre yo jwenn sityasyon finansyè pasyan an pa pèmèt li peye.

EMTALA (the Emergency Medical Treatment and Labor Act/Lwa sou Tretman ak Travay Medikal nan Sitiyasyon Ijans): Règleman federal ki deklare nenpòt lopital ki aksepte pèman ki soti nan Medicare, dwe bay swen a nenpòt ki pasyan ki rive nan depatman ijans li pou tretman, kèlkeswa sitwayènte pasyan an, estati legal li nan peyi Etazini, oswa kapasite li pou peye pou sèvis yo.

Estanda Povrete Federal (FPL): Yo pibliye konsiy sa yo chak ane nan rejis Federal la epi yo sèvi avè l kòm referans pou detèmine nivo povrete a. Depatman Sante ak Sèvis Sosyal pibliye enfòmasyon estatistik sa a.

Konpozisyon fwaye: Se kantite taks fwaye a ki detèmine sa. Gwosè fwaye a gen ladann (men pa sèlman) moun k ap peye taks, madanm/mari moun k ap peye taks la ak lòt depandan fiskal.

Medicaid: Yon pwogram onivo federal e leta ki ede ak depans medikal pou kèk moun ki gen revni ak resous limite.

Moun k ap bay Garanti: Moun ki legalman ak finansyèman responsab pou pèman bòdwo yon pasyan.

Pasyan ki pa gen ase asirans yo: Pasyan ki gen kouvèti asirans ki lakòz chaj finansyè lou pou pasyan yo peye bòdwo medikal yo.

Pasyan ki pa gen asirans: Pasyan ki pa gen asirans ki disponib pou bezwen medikal yo.

Pasyan ki Sipoze Elijib: Pasyan ki sipoze elijib pou asistans finansyè sou baz sikonstans lavi tankou sanzabri, san salè, oswa elijibilite anvan sa pou pwogram asistans finansyè.

Revni fwaye a: Revni moun ki rete nan kay la gen ladann (men pa sèlman) salè, enterè, dividann, avantaj sekirite sosyal, avantaj sosyal pou veteran, pansyon ak revni madanm oswa mari. Pou yo ka elijib pou asistans finansyè, egzanp revni ki ekskli yo se asistans tanporè pou benefis fanmi (TANF), benefis pwogram asistans nitrisyon sipleman (SNAP), pwogram benefis asistans enèji lakay (LIHEAP), ak benefis move tan.

Sèvis ki koute chè: Poutèt politik sa a, definisyon sèvis ki koute chè se (men pa sèlman) sèvis ki soti nan depatman ki koute chè yo, tankou imajri depwent, kadyoloji, sèvis peri-operatwa, admisyon pwograme ak sèvis respiratwa, ansanm ak sèvis terapi pou pasyan ekstèn.

Sèvis medikal nesèsè: Swen Sante oswa materyèl ki nesèsè pou fè dyagnostik oswa trete yon maladi, aksidan, kondisyon, maladi oswa sentòm li, ki satisfè estanda lamedsin.

## **PWOSEDI:**

### **1) Fè konnen opsyon Asistans Finansyè ki genyen pou Pasyan**

- a) Règleman Asistans finansyè aktyèl la ak aplikasyon pou asistans finansyè disponib nan lang anglè ak espanyòl. Frè pou sèvis doktè ki pa anplwaye Brandywine Hospital pa rantre nan politik asistans finansyè an.
- b) W ap jwenn panflè nan lang anglè ak espayòl nan lòbi ak sal datant Brandywine Hospital. Panflè sa yo bay yon rezime fasil pou li sou pwogram asistans finansyè an, ak enfòmasyon pou kontakte anplwaye Brandywine Hospital k ap asiste pasyan yo ak pwosesis aplikasyon an. Panflè sa yo distribye tou bay pasyan nan pwon anrejistreman atravè Brandywine Hospital yo. Pasyan ki pa asire oswa ki fè konnen yo pa kapab peye nan kote yo pran sèvis la resevwa panflè a. Pasyan ki gen ijans ki nan sitiyasyon sa yo ap resevwa panflè a lè yo ba yo egzemat.
- c) Relve bòdwo pasyan pou sèvis Brandywine Hospital gen ladan yo konsèy ak sa pou fè sou pwogram asistans finansyè ki genyen an. Mete sou sa, dèyè do relve bòdwo an se yon aplikasyon pou asistans finansyè.
- d) Brandywine Hospital ap travay nan tèt ansanm ak pwogram militans nan kominote a. Ajans sa yo konnen politik sou disponibilite asistans finansyè Brandywine Hospital.

## **2) Idantifye pasyan ki gen bezwen Asistans Finansyè pou sèvis medikal ki nesèsè:**

- a) Kòm konsekans pwosesis verifikasyon kouvèti pou sèvis finansyè pasyan Brandywine Hospital, ap genyen opòtinite pou idantifye pasyan ki pa asire ak pasyan ki pa asire ase. Resous konsèy finansyè Brandywine Hospital yo ap ede pasyan sa yo ak pwosesis aplikasyon Medicaid la.
- b) Pasyan yo refize bay kouvèti Medicaid, oswa yo evalye epi yo jwenn ki pa ranpli kondisyon pou kouvèti Medicaid la, y ap mete yo nan pwogram Asistans Finansyè Pasyan an.
- c) Sèvis finansyè pasyan Brandywine Hospital yo ap itilize resous kalifikasyon ki egziste yo pou detèmine kouvèti asirans ak avantaj ki genyen pou tout pasyan yo. Pou pasyan ki gen randevou, verifikasyon kouvèti an ap fèt anvan pasyan an rive pou tout sèvis ki koute chè yo (pa egzanp. MRI, CT Scan, pwosedi chiriji, sèvis kadyoloji). Pasyan ki gen randevou e k ap resevwa sèvis ki pa koute chè, ansanm ak pasyan ki pa gen randevou, ap genyen kouvèti yo verifye nan moman admisyon an. Kòm konsekans pwosesis verifikasyon kouvèti a, yo ka mande pasyan pou yon pòsyon lajan yo responsab pou li a anvan yo bay yo admisyon. Y ap verifye kouvèti pasyan sèvis ijans apre egzamen despistaj medikal, jan egzijans EMTALA yo mande sa.
- d) Politik bòdwo ak rekouvreman Brandywine Hospital la prezante pwosesis kote Brandywine Hospital ap chaje epi faktire pasyan ki pa asire, epi al fè rekouvreman balans ki pa peye.

## **3) Detèmine elijiblite pou Asistans Finansyè**

- a) Pasyan k ap chèche, oswa ki resevwa sèvis medikal nesèsè epi ki montre enkapasite yo pou peye sèvis yo, ap konsidere pou politik asistans finansyè an.
- b) Pasyan k ap vizite soti nan lòt peyi epi ki bezwen sèvis ijans kalifye pou konsiderasyon asistans finansyè. Sepandan, pasyan k ap vizite peyi Etazini ak lentansyon pou yo resevwa swen ki pa ijan pa kalifye pou asistans finansyè an jeneral.
- c) Y ap mande pasyan pou yo bay prèv revni fwaye an ansanm ak non moun ki nan fwaye a, kòm yon egzijans pou antre nan pwosesis aplikasyon an. Enfòmasyon sa yo ap sèvi pou wè ki kote nan Konsiy Federal sou Nivo Povrete a (Federal Poverty Level Guidelines oswa FPL), fwaye an tonbe. Kategori FPL la ap di kantite lajan pasyan oswa moun k ap bay garanti a ap peye pou bòdwo medikal yo jan tablo annapre a montre:

Kategori FPL	Alokasyon	Lajan maksimòm pasyan peye pou chak rankont/vizit
= < 200% FPL	100% alokasyon asistans finansyè	\$0
ant 201% ak 250% FPL	90% alokasyon sou to MCR FFS	\$300
ant 251% ak 300% FPL	80% alokasyon sou to MCR FFS	\$500
ant 301% ak 350% FPL	70% alokasyon sou to MCR FFS	\$1,000
ant 351% ak 400% FPL	50% alokasyon sou to MCR FFS	\$2,000

- d) Yo ka detèmine pasyan ki gen chans pou elijib pou asistans finansyè a sou baz sikonstans y ap viv nan moman an. Brandywine Hospital ap itilize tout resous disponib pou verifiye chans pou kalifikasyon an. Egzanp: Y ap pran an konsiderasyon resous pou verifikasyon elektwonik, lèt rekòmandasyon ki soti nan men manm fanmi oswa abri, ak/oswa pwòp eksplikasyon pasyan an sou sityasyon lavi li. Pasyan ki kalifye pou elijibilite posib ap resevwa 100% asistans finansyè.
- e) Nou ankouraje pasyan kòmanse aplike pou asistans finansyè pi vit posib nan pwosesis pou jwenn swen medikal la. Pi bonè Brandywine Hospital konnen pwoblèm finansyè yo, plis posiblite pasyan an genyen pou l vrèman jwenn resous ki ka genyen tankou Medicaid oswa lòt asistans oswa pwogram asirans. Se vre li ideyal pou kòmanse pwosesis la pi bonè posib, men pasyan elijib pou mande konsiderasyon asistans finansyè nan nenpòt pwen nan pwosesis faktirasyon ak rekouvremant an. Si aplikasyon pou asistans finansyè a lanse pandan kont lan twouve l nan pwosesis rekouvremant, aktivite rekouvremant yo ap kanpe jiskaske yo pran desizyon sou elijibilite a.
- f) Desizyon konsènan elijibilite pou asistans finansyè ap fèt nan 14 jou apre yo resevwa yon aplikasyon asistans finansyè konplè. Y ap analize aplikasyon enkonplè yo epi y ap eseye kontakte pasyan/moun kap bay garanti a pou plis enfòmasyon. Y ap voye yon lèt konfimasyon nan lang anglè ak espanyòl, ansanm ak yon relve bòdwo revize bay pasyan an pou eksplike l rezilta desizyon an. Relve bòdwo revize a ap gen ladan l tout lajan pasyan an peye anplis nan gade kantite lajan ki dwe.
- Lè asistans finansyè a apwouve, lèt konfimasyon an ap sèvi tou kòm yon mwayen pou presize peryòd tan detèminasyon asistans finansyè a kouvri. Lèt konfimasyon an ap gen ladan yon non kontak pou pasyan kenbe kòm referans ak resous pou si l gen lòt kesyon.
- g) Si asistans finansyè a pa apwouve, y ap voye lèt nan lang anglè ak espanyòl pou bay rezon ki fè se desizyon sa yo pran, ansanm ak enfòmasyon sou lòt metòd pèman. Si pasyan ta vle fè apèl kont desizyon yo pran an, y ap di l kijan pou l fè pwosesis apèl la.
- h) Pasyan oswa moun ki bay garanti ki pa dakò ak rezilta desizyon elijibilite pou asistans finansyè a ap gen posiblite pou l fè apèl desizyon an. Analiz demann apèl la se Direktè Aksesibilite Pasyan ki ap fè l, Vis Prezidan Sik Resèt yo (Revenue Cycle) epi, si nesèsè, Vis Prezidan prensipal la ak chèf finans lan.

**KONSIY:****PWOTOKÒL FOUNISÈ AN:****EDIKASYON AK FÒMASYON:**

Ekip Direksyon Aksesibilite Pasyan an ap gen responsablite edikasyon chak ane sou atant ki genyen nan politik sa. Nouvo anplwaye pou aksesibilite yo ap jwenn fòmasyon nan kad premye oryantasyon yo.

**REFERANS:****APWOBASYON KOMITE/KONSÈY:****ANILASYON:**

Tout sa ki nan dokiman sa gen fòs sou tout politik/pwosedi/pwotokòl/konsiy, memorandòm ak/oswa lòt kominikasyon ki te la anvan ki nan dokiman sa.